


Modèl SQUARES + STREETS

MODÈL PLAN ANGAJMAN

Kòm yon pwogram nan tout vil la ki pral pwodui plan atravè katye Boston yo, modèl angajman sa a etabli yon nòm swen ki koyeran pou tout Plan Squares + Streets yo. Squares + Streets chaje pou li enplike tout aktè ki nan zòn nan: moun k ap viv, travay, achte ak pran plezi yo nan zòn plan an. Sitiyasyon jeyografik Squares + Streets kòm sant transpò publik ak komès, fè yo espesyalman enpòtan pou moun deyò ki gen enterè yo, pa sèlman pou moun ki abite nan zòn plan an. Lè li itilize yon modèl estanda pou gide angajman atravè zòn planifikasyon yo, Vil Boston ap chèche asire pou pwosesis planifikasyon an transparan, previzib ak ekitab pou tout moun ki enplike yo.

Modèl angajman an gen entansyon tou pou facilite planifikasyon ant departman yo lè nan idantifye opòtinite pou lòt departman dirije oswa kontribye nan aktivite angajman ki gen rapò ak travay pa yo. Nan kòmansman chak plan Squares + Streets, y ap itilize modèl sa a kòm yon baz pou jenere yon plan angajman espesifik pou zòn k ap disponib publikman.

An rekonesans de ijans kriz lojman an, sipèfisi redui chak zòn planifikasyon, ak volonte pou diminye baryè yo nan patisipasyon ki karakterize pwosesis long dire yo, yo espere chak pwosesis planifikasyon Squares + Streets yo dwe dire 6-9 mwa. Modèl sa a prezante yon plan angajman ki gen pou objektif pou li fè moun yo patisipe nan pwosesis planifikasyon an, mande opinyon kominote a sou sijè ki enpòtan ak sou aksyon yo epi, kenbe yo angaje pandan tout pwosesis la.



OBJEKTIF SQUARES + STREETS

Avèk yon kriz lojman ki pèmanan ak kwasans popilasyon yo prevwa k ap rive prèske 18% pou atenn 800,000 abitan an 2050, [Estrateji Lojman](#) Vil Boston an mande pou gen yon ekspansyon enpòtan nan òf lojman pou ankouraje yon vil ki akeyan, abòdab, ak ekitab.¹ Si elajisman aksè nan opsyon lojman, nan li menm, se esansyèl, ankouraje entansyonèlmnan pwodiksyon lojman sou plas ak nan lari prensipal yo ap ede Vil la atenn lòt objektif enpòtan. Squares + Streets se yon pwogram planifikasyon ak dekoupaj an zòn (zonaj) ki konsantre sou reyalize ko-benefis pwodiksyon lojman nan plas ak nan lari prensipal Boston yo.

Gras ak yon pwosesis planifikasyon kominotè ak entè-depatmantal, Squares + Streets pral pwodui plan aksyon espesifik nan chak kote, ki kouvari yon pakèt bezwen kominote a. Lè yo agrandi opòtinite pou lojman ak ti biznis yo nan tout zòn nan vil la, Squares + Streets pral bay aksè a yon divèsite katye ak opsyon lojman, l ap kontribye nan distribisyon ekitab resous piblik ak prive yo, epi l ap pataje ni benefis, ni enpak yon vil k ap grandi. Anrasinen nan valè dirabilitte, aksesibilite ak ekite, **Squares + Streets ap chèche reyalize objektif sa yo:**

1. Mete zonaj la ajou pou pèmèt kreyasyon yon seri divès kalite lojman ak antrepriz
2. Sèvi ak resous politik, konsepsyon ak finansman pou prezève, pwoteje ak pwodui lojman abòdab, komès ak espas kiltirèl.
3. Idantifye envèstisman kapital ak pwogram pou bay rezidan yo opsyon transpò ki an sekirite, aksesib ak abòdab
4. Idantifye entèvansyon konsènan konsepsyon ki diskrè pou etann kouvèti vejetal la, diminye chalè a, prepare pou yon fiti elektrik epi ankouraje yon klima ki solid
5. Konsève epi ankouraje yon seri zòn ak enstitisyon ki byen ankre nan idantite kominote a

VALÈ SQUARES + STREETS

BPDA gen misye pou li ankouraje kwasans Boston nan mete aksan sou rezidan li yo ak bezwen yo. Misyon nou santré sou rezolisyon pwoblèm kritik vil nou an-rezistans, aksesibilite finansyè ak ekite. Nou byen deside pou nou mete valè sa yo nan pwosesis planifikasyon, zonaj ak devlopman plas ak lari nou yo, asire yo reflete reyèlman aspirasyon ak priyorate kominote nou an.

Ekite: Itilizasyon resous, zouti, ak pwosesis pou evite ak amile rezulta enjis yo epi kreye yon kapasite egal pou tout moun pwospere. Ni nan pwosesis la, ni nan pwodui a, rezulta ekitab

¹U.S. Census Bureau, 2020 Decennial Census, Demographic and Housing Characteristics File (DHC)

yo ap rete nan sant lan nan zafè pran desizyon. Ekite a se baz prensip ak mezi ki antre nan plan angajman sa a.

Aksesibilite: Kapasite pou moun ak òganizasyon ki nan tout nivo revni ak orijin, alèz peye pou yon kalite lavi konfòtab pou tout tan. Valè sa a pral ogmante lè yo santre sou moun ki pi bezwen lojman abòdab, komès ak espas kiltirèl pandan pwosesis angajman an.

Rezilyans: Kapasite pou moun, òganizasyon, ak anviwònman ki bati a pou reziste ak adapte yo ak menas koni epi ak menas enkoni. Pwosesis angajman an pral gen ladan, opòtinite pou piblik la defini bezwen rezilyans kominote a ki gen ladan anviwònman an, menm pi lwen anviwònman an.

PRENSIP ANGAJMAN YO

Pou kenbe valè ki anwo yo, prensip sa yo pral aplike tout angajman ki fèt nan kad Squares + Streets:

- Fè prèv transparans.** Rekonèt objektif Vil la ki pral fòme rezulta pwosesis planifikasyon an, fason yo pral itilize kòmantè kominote a, epi angaje klèman nan konpwomi ant objektif yo. Transparans yo pral reyalize lè yo kòmanse chak evènman angajman ak yon komunikasyon sou objektif jeneral yo, prensip yo ak mezi Squares + Streets epi lè yo pibliye rezulta angajman yo detanzantan pandan tout pwosesis la.
- Koute pou konprann.** Aksepte ak bòn fwa enkyetid, krent oswa espwa yo pataje epi rekonèt erè pase yo lè sa nesesè. Koute a pral fèt atravè yon seri divès aktivite angajman ki pèmèt moun yo santi yo alèz pou pataje pèspektiv yo. Planifikatè yo pa bezwen prese reponn pandan diskisyon yo. Poz ak silans yo akseptab—li ka gen anpil valè nan kreye espas pou lòt moun pale. Pran nòt aktif pandan evènman angajman yo, ki tvin apre pataj diskisyon an piblikman se zouti enpòtan pou fè prensip sa a avanse.
- Rankotre moun yo kote yo ye a.** Otorize moun yo pou yo patisipe nan kote, lè, ak nan lang ki pi aksesib pou yo. Prensip sa a ap reyalize atravè òganizasyon evènman angajman yo an patenarya ak lidè yo ak enstisyon ki gentan gen relasyon ak gwoup demografik sib respektif yo. Evènman yo ka epi yo ta dwe fèt dirèkteman nan espas k ap sèvi odyans sib la, tankou legliz, restoran, kwafè ak pak. Anplis de sa, yo ta dwe mete dokiman plan yo (tradui lè sa nesesè) nan kote ki sible diferan gwoup demografik, tankou bibliyotèk lokal yo, legliz, ak sant kominotè yo. Sèvis entèpretasyon lengwistik, gadri ak konpansasyon yo ap disponib selon bezwen kominote k ap patisipe a ansanm ak katye vwazen yo. Anplis de sa, dokiman plan yo

ta dwe itilize yon langaj kout, ki konsistan ak konpreyansib pou asire yon eksperyans angajman akeyan ak aksesib. Yo ta dwe itilize yon nivo lekti klas uityèm ane pou tout dokiman ekri yo.

4. **Kreye yon "Espas Libète."** Leve moun yo majinalize nan nivo rasyal ak sosyo-ekonomik epi kenbe entansyonèlman yon espas pou yo. Pandan evènman angajman yo, y ap bay yon swen patikilye nan fason pou rasanble kòmantè nan men popilasyon istorikman yo mete sou kote yo, tankou moun ki gen revni ki fèb oswa moun ki pi bezwen lojman abòdab, moun ki gen koulè (Moun po fonse) moun ki fè pati LGBTQ+, moun ki andikape, jèn, lokatè, ak moun ki pi plis konfòtab nan pale lang ki pa anglè. [Gid pou Reyinyon Kominotè yo](#) mete nan tèt chak reyinyon ak evènman yo ap ede jenere yon baz konpreyansyon pou kreyasyon kalite espas sa a.

Siksè prensip sa a mache tou kole ak Prensip 3 a: Rankontre Moun Yo Kote Yo Ye a. Sèvi ak espas reyinyon aksesib yo ap pèmèt prensipal gwoup demografik yo fè plis kòmantè. Mete nan tèt ou, differan moun resevwa epi pataje enfòmasyon nan differan fason, epi bat pou ou konprann distenksyon sa yo lè w ap anime aktivite yo. Ou dwe prè pou ou pataje detay sou ajanda ak kote yo alavans epi modifie fòma a daprè kòmantè ou resevwa yo.

5. **Ou dwe byenveyan.** Asire suivi ak mizajou regilye sou fason yo pran kòmantè yo an konsiderasyon pou ankouraje etablisman relasyon alontèm. Mizajou yo ta dwe fèt nan tout pati nan pwosesis plan Squares + Streets ki pa gen ladan evènman angajman espesifik. Sa ka pran fòm yon patisipasyon Manadjè Angajman Kominotè k ap patisipe nan reyinyon gwoup kominotè lokal yo ak asosyasyon katye yo. Si epi lè sa posib, planifikatè yo ta dwe patisipe nan reyinyon sa yo pou remèsye moun pou patisipasyon yo pandan faz angajman aktif yo. Anplis mizajou an pèsòn yo, yo ta dwe pataje rapò yo regilyèman sou platfòm nimerik BPDA yo.

REZIME ANGAJMAN AN

An konsiderasyon kalandriye detaye pwosesis planifikasyon Squares + Streets la, ekip pwojè a ap fasilité yon pakèt opòtinite pou abitan zòn plan an bay enfòmasyon ak opinyon sou reimajinasyon plas lokal yo ak lari prensipal yo. Sa ap gen ladan, fasilité evènman ak aktivite tankou: reyinyon endividiyèl ak pati konsène yo, pwomnad kominotè, yon sondaj nimerik, yon sesyon odyans sou istwa, laboratwa angajman sou sit, ak atelye vizyalizasyon yo.

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PREPARA SYON PLAN AN	1 2	Premye Angajman ak Sansibilizasyon <ul style="list-style-type: none"> Familyarize ak kilti epi ak espas ak zòn planifikasyon an atravè relasyon ki bati ak manm kominote a Fè konprann "pou ki sa" ki dèyè plas oswa lari prensipal yo chwazi yo Sansiblize sou objektif plan Squares + Streets yo, sou kalandriye planifikasyon an, ak sou pwosesis angajman an 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Reyinyon òrganizasyon Kominochè ak Asosyasyon Katye yo Entèvyou ak Gwoup Moun ki Konsène yo Sondaj Kominochè Gid Plan an Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Piblikasyon Plan Rejyonal la pa Kourye Lansman Sitwèb la Biltén enfòmasyon Atik nan jounal lokal (Atik opinyon oswa lèt pou redaksyon an) Kanpay atravè mesaj tèks Siyalizasyon Fizik Depoze bwochi an pèsòn nan bibliyotèk lokal yo, nan sant kominotè, ak nan biznis yo
PWOSÉSIS PLANIFIK ASYON	3	Konprann Bezwèn Kominate a <ul style="list-style-type: none"> Konfime analiz done sou kondisyon ki déjà egziste yo ak apwofondi konpreyansyon kiltirèl nan zòn plan an koutri a Diskite sou objektif, apwòch, ak lide konsènan refòm zonaj la, batay kont deplasman, transpò, espas publik, antrepriz ak atizay/kilti. Fasilité edikasyon kominotè sou sijè planifikasyon enpòtan ki gen ladan zonaj, fason yo pwodui lojman, ak fason pou jwenn aksè ak divès opsyon lojman 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Demaraj Sesiyon Ide ak Resi Laboratwa Angajman Sou Plas Atelye Edikatif Pwomnad kominotè Atelye Kominochè Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt, ak biltén enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman aktif Siyalizasyon Fizik Medya peye (jounal, piblisite

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
			sou medya sosyal yo, elatriye)
	4 5	Kenbe Vijilans lan <ul style="list-style-type: none"> Kenbe pwosesis planifikasyon an nan lespri kominote a Bay rapò rezulta nan faz anvan an nan angajman anndan ak deyò Sansibilize sou pwochen etap yo ak pwochen faz angajman yo 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Rapò sou Angajman Reyinyon Òganizasyon Kominotè yo Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt, ak biltén enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman k ap vini yo Atik nan jounal lokal (Atik opinyon, lèt pou redaksyon an) Depoze bwochi an pèsòn nan bibliyotèk lokal yo, nan sant kominotè, ak nan biznis yo
	6	Egzaminen epi Pèfeksyone Ide yo <ul style="list-style-type: none"> Prezante rekòmandasyon epi fasilité travay la nan patenary ak kominote a 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Laboratwa Angajman Sou Plas Resepsyon Ide pou Epengle Atelye Evalyasyon Sesyon Evalyasyon Gwoup Moun ki Konsène yo Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt, ak biltén enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman aktif Siyalizasyon Fizik Medya peye (jounal, pubblicite sou medya sosyal yo, elatriye)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PREMYE AKSYON	7	Finalize Plan an <ul style="list-style-type: none"> Bay rapò rezulta nan faz anvan an nan angajman anndan ak deyò Fasilité epi pibliye yon peryòd kòmantè fòmèl sou plan final la Selebre epi rekonpanse manm kominate yo pou patenarya yo nan pwosesis elaborasyon plan an Pote limyè sou revizyon plan yo, modifikasyon ak pwochen etap yo 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Peryòd konsiltasyon ofisyèl plan an Orè biwo Rapò sou Angajman Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt ak biltén enfòmasyon pou kominike pwochen etap yo Atik nan jounal lokal (Atik opinyon, lèt pou redaksyon an)
	8	Egzekisyon <ul style="list-style-type: none"> Fasilité adopsyon fòmèl plan an ak pwosedi komisyon zonaj la Bay yon mekanis pou suivi aplikasyon an Bay rapò rezulta tout angajman an, anndan ak deyò Prezante rezulta yo bay Konsèy Konsiltatif Planifikasyon an 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Reyinyon komite BPDA Peryòd Konsiltasyon Konsènan Modifikasyon Kat Zonaj la Lè Biwo Zonaj yo Louvri Odisyon Komisyón Zonaj la Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt ak biltén enfòmasyon pou kominike peryòd konsiltasyon yo Voye kourye bay abitan yo pou pwopozisyon refòm zonaj la

LANG, ANDIKAP AK AKSÈ PARAN YO

Pou chak pwosesis planifikasyon Squares + Streets, y ap etabli lang kle yo pou zòn planifikasyon an. Pou pi piti, y ap respekte nòm [Plan Aksè Lang BPDA](#)yo. Pou tout gwo angajman publik (jounen pòt louvri, elatriye), y ap bay sèvis tradiksyon pou lang kle yo (sa yo 5% oswa 1,000 abitan zòn nan pale, sa ki se chif ki pi ba nou konsidere). Anplis de sa, pandan premye angajman an, ekip pwojè ap diskite ak moun ki gen enterè kle nan zòn ki gen lang enpòtan pase sa yo demontre nan done resansman yo. Li kapab, pa egzanp, lang komèn kliyan viv nan zòn nan yo, ki ale nan etablisman espesifik nan zòn nan akòz valè kiltirèl yo. Tout dokiman enpòtan yo (pwojè plan, plan final) ak enstriman angajman (ankèt, tablo, prezantasyon, elatriye) y ap bay yo nan lang kle yo idantife pou chak zòn planifikasyon. Pou yon angajman ki pi piti yo (pa egzanp, sesyon gwoup diskisyon oswa entèvyou ak moun ki konsène yo), y ap evalye bezwen sèvis tradiksyon yo ka pa ka.

Tout angajman an pèsòn yo ap dewoule nan kote ki gen antre aksesib pou moun ki gen andikap fizik. Si li nesesè, evènman angajman an pèsòn yo ap fèt nan lokal ki dirèkteman akeyi gwo espesifik pa byen reprezante istorikman ak moun ki pa pale anglè. Pou tout gwo angajman piblik (Jounen pòt louvri, elatriye), y ap bay entèprèt Lang siy Ameriken (American Sign Language, ASL) ak gadri pou timoun.

Commented [1]: are we providing child care or are we intending to work with locations that provide it and we will host meeting in their space?

Resous Enpòtan Kabinè E&I a

- [Lis Kontwòl Aksesibilite pou Reyinyon ak Evènman an pèsòn yo](#)
- [Bwat Zouti pou Ekite ak Enklizyon: Evènman ak Sansibilizasyon](#)

ENDIKATÈ ANGAJMAN

Y ap suiv endikatè angajman sa yo epi rapòte plan Squares + Streets yo pou tout moun, nan objektif pou evalye siksè evènman angajman yo:

1. **Kantite Evènman ak Patisipan:** Kantite Evènman ak Patisipan, tankou an pèsòn ak vityèl
2. **Kantite Repons Sondaj la:** Kantite sondaj ki reyalize
3. **Kantite Vizit Anliy:** Kantite vizit atravè sit entènèt plan an, bilten enfòmasyon ak medya sosyal yo
4. **Divèsite Patipasyon:** Done demografik pèsonèl yo (ras/etnisite, laj,sèks, estati pwopriyetè kay, relasyon ak zòn nan, ak lang moun yo pale lakay yo) yo kolekte atravè fèy prezans pou reyinyon an pèsòn yo, enskripsyon evènman/sondaj pou reyinyon vityèl ak repons pou angajman ki baze sou sondaj.
5. **Aksesibilite Lengwistik** Kantite patipasyon, kòmantè oswa kesyon yo resevwa nan lòt lang ki pa anglè?
6. **Aksesibilite ak Dokiman yo:** Pousantaj patipasyon yo ki konprann dokiman yo klèman, chanjman yo pwopoze yo ak konpwomi yo. Sa a ka fêt nan fen reyinyon yo atravè yon sondaj oswa yon ankèt tou kout.

DETAY METÒD ANGAJMAN AN

Metòd ki dekri anba a reprezante seri de baz angajman ki pral reyalize nan kad chak plan Squares + Streets. Pwosesis endividiyèl yo ka demonstre yon nesesite pou gen plis angajman.

PREPARASYON PLAN AN: PREMYE ANGAJMAN AK SANSIBILIZASYON

(MWA 1-2)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PREPARA SYON PLAN AN	1	Premye Angajman ak Sansibilizasyon <ul style="list-style-type: none"> • Familyarize ak kilti epi ak espas ak zòn planifikasyon an atravè relasyon ki bati ak mamm kominote a • Fè konprann "pou ki sa" ki dèyè plas oswa lari prensipal yo chwazi yo • Sansiblize sou objektif plan Squares + Streets yo, sou kalandriye planifikasyon an, ak sou pwosesis angajman an 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> • Reyinyon òganizasyon Kominotè ak Asosyasyon Katye yo • Entèvyou ak Gwoup Moun ki Konsène yo • Sondaj Kominotè • Gid Plan an
	2		Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> • Publikasyon Plan Rejyonal la pa Kourye • Lansman Sitwèb la • Bilten enfòmasyon • Atik nan jounal lokal (Atik opinyon oswa lét pou redaksyon an) • Kanpay atravè mesaj tèks • Siyalizasyon Fizik • Depoze bwochi an pèsòn nan bibliyotèk lokal yo, nan sant kominotè, ak nan biznis yo

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. 1:1 Reyinyon Ak Dirijan Prensipal Yo Epi Ak Enstitisyon Kominotè Yo

Òganizatè: BPDA ak Depatman Patnè yo (opsyonèl) ki baze sou sijè publik la oswa sou relasyon ki egziste deja

Piblik: Pwopriyetè /jeran antrepriz, direktè lari prensipal yo (w/OEOI)

Rezidan, asosyasyon katye, gwoup lokatè (w/ONS)

Dirijan òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan yo, enstitisyon relije yo, CDCs (w/ONS + MOAC)

Sant kominotè, bibliyotèk, lekòl, gwoup jèn (w/ONS)

Anplasman: An pèsòn oswa vityèl selon preferans moun k ap pase entèvyou a

Deskripsiyon ak Rezulta: Anvan yon plan fòmèl lansman, ekip pwojè a ap fè 5-10 reyinyon ak moun ki gen enterè nan kominote a pou bay yon apèsi sou objektif ak pwosesis Squares + Streets yo, kòmanse devlope relasyon konstriktif ak moun ki gen

enterè yo, epi pi byen konprann enkyetid espesifik ak espwa lidè kominote yo. Y ap devlope yon premye lis moun ki gen enterè yo nan kominote a, an konsiltasyon ak anplwaye depatman patnè yo ak rezulta ankèt Otòn 2023 a. Moun ki gen enterè yo nan kominote a ki patisipe nan reyinyon sa yo ta dwe reprezante biznis ak rezidan ki egziste deja yo. Yo ta dwe bay menm priyorite nan etablisman nouvo relasyon ak moun ki gen enterè yo nan kominote a, memm jan ak priyorite pou kenbe relasyon ki egziste deja yo. BPDA ap pran kontwòl jesyon orè ak lojistik, men li ka apiye sou depatman patnè ki gen relasyon ak moun ki gen enterè nan zòn pwojè yo pou fè koneksyon.

Aprè yo fin bay yon apèsi sou pwogram ak orè Squares + Streets la, kesyon sa yo ak sijè diskisyon sa yo gen objektif pou ede gide reyinyon moun ki gen enterè yo nan kominote a:

Kesyon Konsènan Konteks Planifikasyon an

1. Tanpri pataje istwa ou ak zòn/katyé plan an. Pale m de eksperyans ou sou plas oswa nan lari sa. Ki relasyon ou genyen ak zòn nan? Ki jan ou itilize zòn nan?
2. Squares + Streets pral bay yon espas pou planifikasyon milti-tematik ki gen ladan zòn lojman pou batay kont deplasman, transpò/espas publik/konsepsyon iben, ti biznis, ak atizay ak kilti. Selon jan ou wè bagay yo, ki prensipal defi oswa opòtinite nan domèn sa yo plan Squares + Streets sa a ta dwe abòde?
3. Èske w gen yon kesyon oswa enkyetid konsènan pwosesis planifikasyon sa a?

Kesyon Konsènan Pwosesis Angajman an

4. Daprè ou, ki jan jistis sosyal ak pratik angajman ekitab la kapab enflyanse pwosesis planifikasyon sa a? Ki lang ki enpòtan nan zòn sa a?
5. Èske w enterese òganize yon evènman angajman an kolaborasyon alavni, oswa patisipe nan yon evènman pataj istwa oswa nan mach kominotè? Èske w gen bilten enfòmasyon oswa espas devan magazen w ou ta vle itilize pou pataje dokiman ki gen rapò ak pwojè yo?
6. Ki lòt moun nou ta adrese pou yon reyinyon endividiyèl?

2. Ankèt Pre-Planifikasyon

Ôganizatè: BPDA ak kontribisyon depatman patnè yo

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Sou entènèt ak papye avèk bwat depo nan sikisal lokal BPL yo, sant kominotè yo,
antrepriz lokal yo, elatriye.

Deskripsiyon ak Rezulta: Ankèt la genyen yon entwodiksyon tou kout sou objektif ak pwosesis planifikasyon yo anvan yo poze yon seri kesyon pou rasanble enfòmasyon preliminè nan men abitan ki nan zòn plan yo, konsènan objektif, enkyetid, ak opòtinite espesifik zòn planifikasyon an. Y ap itilize rezulta ankèt la pou enfòme faz angajman ki vin aprè yo epi pou evalye preferans kominate a depi nan kòmansman pwosesis la.

Ankèt la ap disponib nòmalman sou paj wèb plan zòn Squares + Streets epi an pèsòn nan siksikal lokal Bibliyotèk Piblik Boston yo, nan sant kominotè ak nan antrepriz lokal nan zòn plan an ak ozalantou. Ankèt la ap disponib nan tout lang kle yo idantifye nan zòn planifikasyon an epi y ap rete ouvè pou omwen kat(4) semèn. Y ap pibliye ankèt la atravè kourye dirèk nan tout zòn nan, nan reyinyon òganizasyon kominotè yo, nan kanpay mesaj tèks yo, sou pano siyalizasyon fizik nan zòn nan ak atravè kanal mnimerik yo, tankou sit entènèt pwojè a ak bilten enfòmasyon pwojè a. Tout moun ki reponn ankèt la ki bay yon imèl, ap patisipe nan yon tiraj pou genyen kat kado nan antrepriz lokal yo.

Bouyon Keson Ankèt yo

1. Ki sa ki fè Plas/Ri XX se yon bon kote? Ki sa ou renmen plis ladan li? Ki pwen fèb li yo / zòn pou opòtinite ak amelyorasyon? (kesyon ouvè)
2. Plas/Ri XX gen yon pakèt kalite, fòm, gwasè batiman ak istwa. Ki sa ki bati deja nan anviwònman an ou renmen, epi pou ki sa? Ki sa ou pa renmen epi pou ki sa? (sondaj preferans vizyèl ak/kaz pou koche + lòt ak/ekriti)
3. Endike si w santi Plas/Ri XX gen ase, pa ase, oswa twòp nan chak nan kote ki anba yo (echèl likert san wete opsyon N/A):
 - a. Magazen manje
 - b. Espas lib/pak
 - c. Sèvis sivik (bibliyotèk, sant kominotè, elatriye.)
 - d. Restoran/Kafe/Ba
 - e. Opsyon achte manje epi al lakay ou ak li
 - f. Fè acha lwazi
 - g. Fè komisyon (bank, sèvis postal, elatriye)
 - h. Etablisman sante (sant sante, klinik dantis, elatriye.)
 - i. Etablisman byennèt (sal espò, sèvis terapeutik, elatriye.)
 - j. Gadri
 - k. Espas atizay/kiltirèl (galri, espas pou pèfòmans, elatriye.)
4. Nan kilès nan aktivite angajman sa yo ou t ap pi enterese patisipe pou pwosesis planifikasyon sa? kaz pou koche + lòt (ekri)
 - a. Jounen pòt ouvè an pèsòn ak atelye kominotè pratik
 - b. Sesyon enfòmasyon vityèl epi sesyon kesyon ak repons

- c. Ti gwoup diskisyon sou entènèt epi fas-a-fas
 - d. Vizit san randevou nan lè biwo louvri an pèsòn oswa vityèl
 - e. Lòt
 - f. Mwen pa entèrese nan toujou patisipe
5. Enskri pou Mizajou pa imèl/tèks lè w pataje enfòmason kontak ou anba a (kesyon ouvè)
- a. Imèl
 - b. Telefòn pòtab
6. Tanpri ede nou konprann ki moun k ap reponn ankèt nou an. Reponn kesyon sa yo si ou vle pou pale nou yon ti kras de ou:
- a. Ki relasyon ou genyen ak Plas/Ri XX? (kaz pou koche)
 - i. Mwen se yon rezidan Plas/Ri XX
 - ii. Mwen se yon rezidan nan yon katye ki tou prè
 - iii. Mwen se yon anplwaye nan Plas/Ri XX
 - iv. Mwen se yon pwopriyetè antrepriz nan Plas/RI XX
 - v. M ap vizite Plas/RI XX
 - vi. Okenn nan sa ki anwo yo
 - b. Nan ki sitiyasyon lojman ou ye? (repons inik)
 - i. Mwen lwe kay mwen
 - ii. Mwen posede kay mwen
 - iii. M ap viv ak Fanmi oswa Zanmi
 - iv. Sanzabri (Mwen pa gen kay)
 - v. Mwen prefere pa reponn
 - c. Ki jan ou pi souvan vwayaje pou ale ak pou soti nan Plas/Ri XX?
 - i. Mache
 - ii. Bisiklèt/Eskoutè/planch ak woulèt
 - iii. Bis
 - iv. Tren/Tren Rejyonal
 - v. Uber/Lyft/Taksi
 - vi. Jwenn woulib nan men zanmi/fanmi
 - vii. Mwen kondui
 - d. Ki ras ou/etnisite? (kaz pou koche + lòt /ekri)
 - i. Ameriken Nwa/Nwa
 - ii. Azyatik
 - iii. Blan
 - iv. Latino/a
 - v. Ameriken Natifnatal
 - vi. Abitan Zile Pasifik
 - vii. De (2) oswa plis
 - viii. Lòt

- e. Ki laj ou? (repons inik)
- i. Mwens pase 18 lane
 - ii. 18 jiska 24
 - iii. 25 jiska 34
 - iv. 35 jiska 54
 - v. 55 jiska 64
 - vi. 65 lane oswa plis
 - vii. Prefere pa reponn
- f. Ki lang ou pale lakay ou?
- i. Anglè
 - ii. Espanyòl
 - iii. Chinwa Tradisyonèl
 - iv. Chinwa Senplifye
 - v. Vyetnamyen
 - vi. Kreyòl Kap Vèdyen
 - vii. Kreyòl Ayisyen
 - viii. Ris
 - ix. Arab
 - x. Pòtigè
 - xi. Fransè
 - xii. Somali
 - xiii. Prefere pa reponn
- g. Ki sèks ou?
- i. Gason
 - ii. Fi
 - iii. Ni fi ni gason
 - iv. Lòt (presize si ou vle): _____
 - v. Mwen prefere pa reponn
- h. Ki revni kay ou te genyen nan 12 mwa ki sot pase yo?
- i. Mwens pase \$14,999
 - ii. \$15,00 jiska \$34,999
 - iii. \$35,00 jiska \$49,999
 - iv. \$50,000 jiska \$74,999
 - v. \$75,000 jiska \$99,999
 - vi. \$100,000 jiska \$149,999
 - vii. \$150,000 oswa plis
 - viii. Mwen prefere pa reponn

3. Reyinyon Òganizasyon Kominotè

Organizatè: BPDA & ONS

Piblik: Lidè lokal yo, Òganizasyon kominotè yo, Direktè Ri Prensipal yo, elatriye.

Anplasman: An pèsòn oswa Vityèl

Deskripsyon ak Rezilta: CEMs ak Planifikatè BPDA yo pral patisipe nan asosyasyon katye ki egziste deja yo ak lòt reyinyon kominotè yo pou fè konnen pwosesis Squares + Streets k ap vini yo ak opòtinite angajman yo. Y ap idantifye gwooup yo atravè entèvyou ak moun ki gen enterè yo nan kominote a, seyans deba ak Community Engagement Managers (CEMs) BPDA yo ak ajan lyezon ONS yo, ak kòmantè yo kolekte nan ankèt Squares + Streets Otòn 2023 a.

KOMINKASYON

1. Piblikasyon Plan Rejyonal la pa Kourye

Organizatè: Kominikasyon, BPDA

Piblik: Tout adrès ki nan kòd postal zòn planifikasyon atravè [Every Door Direct Mail](#)

Anplasman: N/A

Deskripsyon ak Rezilta: Anvan premye evènman piblik la, BPDA ap kowòdone epi voye yon [depliyan](#) bay tout moun ki nan zòn nan plan an pou sensibilize yo sou opòtinite angajman k ap vini yo epi dirije moun yo sou sit entènèt pwojè a. Depliyan yo ap bay moun enfòmasyon nan tout lang kle yo idantifye pou zòn nan.

2. Gid Plan an

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezilta: Jeran Pwojè BPDA Squares + Streets Plan an ap kreye yon dokiman enfòmasyon kout (2-4 paj) k ap detaye pwosesis planifikasyon an ak kontèks espesifik nan zòn respektif plan an pou pèmèt abitan yo konprann baz pwosesis planifikasyon an ak enfòmasyon espesifik kontèks la. Dokiman an ap disponib anliy epi l ap nan tout lang kle yo idantifye pou zòn nan. Dokiman an ap genyen yon apèsi sou objè ak objektif planifikasyon yo, zòn planifikasyon an, kalandriye pwosesis la ak opòtinite angajman ki gen pou vini yo, yon deskripsiyon kontekstyèl zòn nan ak prensipal done kondisyon ki egziste deja yo.

3. Lansman Sitwèb la

Organizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Nimerik

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA a ap travay ak ekip komunikasyon an pou prepare yon sit entènèt pou òganize tout enfòmasyon pou chak zòn planifikasyon, anvan lansman Paj wèb plan an. Paj wèb ap antre nan yon paj wèb ki pi gwo dedye a pwogram Squares + Streets pou tout vil la. Chak paj wèb zòn planifikasyon an ap gen ladan l, yon deskripsiyon jeneral objektif planifikasyon yo, yon kat jeyografik zòn planifikasyon an, yon kalandriye ak evènman k ap vini yo, lyen ki mennen nan tout dokiman angajman yo ak yon galri foto pou montre foto nan evènman angajman yo. Sitwèb la ap gen yon fòm enskripsiyon mizajou pwojè a ladan l. Ap gen tou yon seksyon ki kenbe moun yo okouran de kote nou ye nan pwoesisis planifikasyon an, ap gen yon seksyon "sa nou tandé" ak kòmantè epi sitasyon wo nivo.

4. Bilten enfòmasyon

Organizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Lis difizyon atravè kourye elektwonik

Anplasman: Nimerik

Faz Plan an: Nan tout faz yo

Deskripsiyon ak Rezulta: 3-4 semèn anvan premye gwo evènman piblik yo, BPDA a ap travay avèk ekip komunikasyon an pou prepare yon bilten enfòmasyon k ap pataje atravè lis difizyon BPDA a ak lòt depatman yo, ki baze sou katye ak pwojè ki dejà egziste. Anons ak mizajou konsènan pwoesisis planifikasyon k ap vini an, ki gen ladan lyen kle (sit entènèt pwojè a, ankèt pre-planifikasyon ak plan aksyon), ak yon rezimes evènman angajman k ap vini yo. Mizajou pwojè ak evènman yo ta dwe parèt nan bilten enfòmasyon prensipal BPDA a ansanm ak bilten enfòmasyon katye a, ki anrapò ak fason lòt planifikatè katye yo te fè komunikasyon yo.

5. Siyalizasyon Fizik

Organizatè: Grafik, BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Kote: Pano siyalizasyon, estasyon otobis ki gen anpil trafik, devan magazen yo

Faz Plan an: Preparasyon Plan an

Deskripsiyon ak Rezulta: Anvan premye evènman piblik la, BPDA ap kreye epi enstale pano siyalizasyon tanporè nan zòn planifikasyon an pou sansibilize moun yo sou pwojè k ap vini an epi pou dirije moun yo sou sit entènèt pwojè a. Tou depan de zòn nan, y ap enstale pano siyalizasyon nan estasyon otobis yo, devan magazen yo, si yo disponib, ak sou estann dijital yo, si yo disponib.

6. Atik nan Jounal Lokal yo

Organizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Jounal katye a

Faz Plan an: Preparasyon Plan an

Commented [2]: @naoise.mcdonnell@boston.gov did you want to add this blurb to the other phases too?

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA a ap redije yon seri atik k ap pibliye nan jounal lokal katye a pou enfòme lektè yo sou pwosesis Squares + Streets la. Atik yo ap pataje enfòmasyon sou faz aktiyèl pwosesis planifikasyon an, y ap rezime pwen fò pwosesis ki te déjà fèt yo, epi y ap bay enfòmasyon sou evènman k ap vini yo ak opòtinite pou angajman yo. Y ap tann atik sa yo pandan faz Preparasyon Plan an, pandan faz Pwosesis Planifikasyon an ak anvan faz Aksyon preliminè a.

Commented [3]: Kick off place with an Op-ed and then as the planning process gets more coverage- could do letters to the editor

Commented [4]: note: suggestion from Mark that these could be authored by Aimee. @naoise.mcdonnell@boston.gov to draft a template for these

PWOSESIS PLANIFIKASYON: Konprann Bezwen

Kominote a

(MWA 3)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PWOSESIS PLANIFIK ASYON	3	Konprann Bezwen Kominote a <ul style="list-style-type: none"> Konfime analiz done sou kondisyon ki déjà egziste yo ak apwofondi konpreyansyon kiltirèl nan zòn plan an koutri a Diskite sou objektif, apwòch, ak lide konsènan refòm zonaj la, batay kont deplasman, transpò, espas piblik, antrepriz ak atizay/kilti. Fasilite edikasyon kominotè sou sijè planifikasyon enpòtan ki gen ladan zonaj, fason yo pwodui lojman, ak fason pou jwenn aksè ak divès opsyon lojman 	Aaktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Demaraj Sesyon Ide ak Resi Laboratwa Angajman Sou Plas Atelye Edikatif Pwomnad kominotè Atelye Kominotè Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt, ak bilten enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman aktif Siyalizasyon Fizik Medya peye (jounal, piblisite sou medya sosyal yo, elatriye)

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. Demaraj Sesyon Istwa/Ideyo

Organizatè: BPDA, MOAC, ONS, Biwo Òganizasyon Sivik, Patnè Kominotè (si sa posib)

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Sou sit la/An pèsòn

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA oswa yon patnè kominotè (lè sa nesesè, peye) ap òganize yon evènman lansman ofisyèl pou plan Squares + Streets yo ak yon evènman amizan pou rakonte istwa. Anplis de lansman pwosesis planifikasyon an, evènman an ap bay yon espas pou apwofondi konpreyansyon kiltirèl ekip pwojè a sou zòn plan an epi l ap an kominyon ak ansyen yo, pwopriyetè biznis yo, rezidan yo ak vizitè zòn plan an. Evènman an ka pran yon fòm 10X5 kote 10 patisipan yo jwenn 5 minit yo chak pou rakonte yon istwa kout, pataje yon powèm oswa dekri yon espwa/rèv pou zòn plan an. Evènman an ta dwe fèt nan yon espas ki konfòtab ak familye pou kominote a. An prensip, òganizasyon evènman yo ta dwe fèt an patenarya ak yon òganizasyo oswa biznis lokal. Si sa posib, yon animatè grafik, yon videograf, oswa yon fotograf ta dwe dokimante evènman an pou anrejistre istwa yo epi jenere dokiman adisyonèl pou itilize pandan pwosesis plan an. Si w vle oswa si sa nesesè, li posib pwodui plis pase yon sesyon istwa/ide ki dedye a diferan piblik (pa egzanp, jèn, ansyen nan kominote a, elatriye).

2. Laboratwa Angajman Sou Plas avèk Lè Biwo

Òganizatè: BPDA, OEOI

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Sou sit la/An pèsòn

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA/OEOI ap travay ansanm pou yo etabli yon baz akèy sou plas pou pwojè planifikasyon an. Laboratwa angajman sou plas sa a ap sitiye nan kè zòn planifikasyon an nan yon devan magazen vid ki vid oswa nan yon espas kominotè ki la deja. Laboratwa angajman an pral mennen ekip pwojè a nan katye a nan moman kle nan pwosesis planifikasyon an. Laboratwa a ap gen plizyè fonksyon: l ap bay yon espas pou òganize atelye, evènman, konvèsayon ak moun ki konsène yo, ak lè ouvèti yo; l ap bay espas fenèt pou fè piblisite pou pwosesis planifikasyon an, pou lòt pwojè minisipal aktif yo, epi pou bay enfòmasyon jeneral sou pwogram Vil la ap jere yo; l ap bay yon espas pou estoke materyèl angajman ak yon espas travay pou anplwaye Vil la ki pral bezwen jere angajman enpòtan nan kad sansibilizasyon andeyò Lameria. Yo prevwa pou BPDA peye lwaye pou dire ouvèti laboratwa angajman an (li prevwa ouvri pou yon mwa). Orè biwo ki konsistan yo ta dwe òganize omwen yon fwa pa semèn pandan Laboratwa Angajman an ouvri epi anplwaye BPDA yo dwe travay sou plas omwen de (2) jou pa semèn. Yo ankouraje lòt sèvis vil la k ap travay sou plan an, pou yo travay sou plas. Nan ka kote yo pa jwenn yon espas, BPDA ap travay avèk bibliyotèk, sant kominotè, ak lòt sant sivik zòn nan pou ranpli nan fonksyon ki endike anwo a nan mezi li kapab.

3. [Opsyonèl] Atelye Edikatif

Organizatè: BPDA, OEOI, MOH, BHA, Evalyasyon Developman an (IDP)

Piblik: Rezidan ak Biznis Zòn nan

Anplasman: Laboratwa Angajman, Bibliyotèk, Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ansanm ak lòt Ajans Minisipal ap organize epi akeyi yon total twa (3) atelye edikasyon sou sijè enpòtan, tankou zonaj, fason yo pwodui lojman yo ak fason pou jwenn aksè a divès opsyon lojman. Efò sa ap pèmèt abitan ti zòn yo pou yo familyarize yo ak konsèp kle yo epi ak tèminoloji ki lye ak pwosesis angajman an epi bay enfòmasyon sou resous Vil Boston ki egziste deja ki disponib ak sou fason piblik la kapab utilize yo. Yo prevwa twa (3) atelye edikatif differan, konsènan tèm sa yo: Ki jan Zonaj la mache ak Pou ki sa Refòm nan Enpòtan; Ki jan Yo Pwodui Lojman yo ak Ki jan Pou jwenn Aksè ak Divès Lojman; ak Pwogram ak Resous pou Ti Antrepriz ak Atis yo. Yo ta dwe kowòdone pwogramasyon chak atelye selon piblik yo vize a. Atelye yo ap anrejistre epi y ap mete yo sou entènèt tou.

4. Mach Kominotè

Organizatè: BPDA, MOAC, Komisyón Moniman Istorik yo, BTD, Patnè Kominotè yo

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Fas-a-fas, sou sit la

Deskripsyon ak Rezulta: Y ap organize omwen de(2) pwomnad kominotè sou de (2) sijè differan: Byen Kiltirèl/Anviwònman ki Bati ak Transpò. An prensip, yon organizasyon kominotè (Legacy Fund) avèk sipò ekip BPDA Design Vision ak Boston Landmarks Commission ap organize pwomnad byen kiltirèl/anviwònman ki bati a. Pandan pwomnad sa a, kominote a ap konsantre sou eleman bati yo nan zòn planifikasyon an ki inik, presye epi ki kiltirèlman enpòtan. An prensip, pwomnad Transpò a ap organize oswa dirije ansanm ak yon organizasyon transpò lokal (Liveable Streets, Transit Matters, Walk Up Rozzie, Boston Cyclists Union, Dot Bike, Mattapan Food & Fitness, Walk Massachusetts, elatriye) ak sipò BPDA Transportation Planning ak BTD. Pandan pwomnad sa a, kominote a ap konsantre l sou idantifikasiyon pwoblèm ak opòtinite nan zafè transpò ki ka abòde nan kad plan an tankou, pasaj pyeton ki nesesè yo, jesyon arebò twotwa yo, amenajman estasyon otobis yo, pye bwa lari yo ak plis ankò. Anplis konvèsayon sou plas yo, y ap bay patisipan nan pwomnad kominotè yo yon fich teknik epi anpliwaye Vil la ap kolekte yo pou anrejistreman. Nan ka yon organizasyon lokal patisipe nan pwodiksyon yon evènman, li espere jwenn yon konpansasyon pou tan yo ak ekspètiz yo.

5. Atelye Kominotè

Organizatè: BPDA avèk patisipasyon tout deputman patnè yo, Patnè Kominotè yo (si sa posib)

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Laboratwa Angajman, Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA an patenarya ak anplwaye plan yo ki nan tout vil Boston an ap organize yon seri 3-4 atelye kominotè pratik, k ap fèt a repetisyon. Y ap sèvi ak atelye sa yo pou eksplorè an pwofondè chak tèm ki abòde nan plan Squares + Streets yo: zonaj ak itilizasyon tè; transpò ak domèn piblik; antrepriz lokal yo; ak atizay ak kilti. Atelye yo ta dwe okazyon pou pèmèt piblik la entèraji avèk analiz kondisyon zòn nan ak verifye rezulta sou teren an. Chak deputman ap responsab pou konsepsyon dokiman angajman pou domèn aktivite yo. De (2) a twa (3) nan atelye sa yo ta dwe adapte pou gwoup demografik ki majinalize istorikman yo nan patenarya ak yon organizasyon lokal ak/oswa organize atelye a nan yon kote patikilye ki familye pou piblik yo vize a. Omwen yon (1) atelye ta dwe konsantre sou jèn yo. Nan fen atelye yo, ekip pwojè a ta dwe konprann kesyon kle nan chak domèn yo gen pou trete atravè rekòmandasyon planifikasyon yo. Tèm yo prevwa yo se:

- Identifie distri ki apwopriye pou zonaj Squares + Streets yo ak bezwen lojman yo (sou direksyon BPDA Zoning, BPDA Urban Design, ak MOH)
- Katografi prensipal posiblite yo nan kad transpò, domèn piblik, arebò twotwa ak espas ouvè yo (sou direksyon BTD, BPDA Transportation Planning, ak BPDA Urban Design)
- Identifie kalite biznis ak itilizasyon kiltirèl pou pote nan zòn nan (sou direksyon OEOI ak MOAC)
- Vizyon pou teren vil la posede yo, si genyen (sou direksyon MOH ak BPDA Real Estate)

Chak atelye yo fèt tankou se yon pòt ouvèt ki fèt yo ta dwe organize nan diferan moman/jou nan semèn nan pandan 2-4 èdtan yo chak. Omwen yon sesyon ap organize anliy ak sal reyinyon. Anplis de sa, materyèl atelye yo ta dwe konsève sou plas nan Laboratwa Angajman an pou konvèsasyon an lib sèvis. Nan ka yon organizasyon lokal patisipe nan pwodiksyon yon evènman, li espere jwenn yon konpansasyon pou tan yo ak ekspètiz yo.

KOMINKASYON

1. Pwomosyon Sit wèb/Medya Sosyal/Bilten Enfòmasyon

Organizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ak ONS ap difize kalandriye konplè aktivite angajman yo 1-2 semèn anvan lansman ofisyèl plan an. Anplis de sa, ekip pwojè a ap sèvi ak medya sosyal yo ak yon bilten enfòmasyon nan tout adrès imèl ki enskri pou resevwa mizajou pwojè a pou kominike sou opòtinite angajman yo chak semèn.

2. Siyalizasyon Fizik

Organizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Kote: Pano siyalizasyon, estasyon otobis ki gen anpil trafik, devan magazen yo

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ap kreye epi enstale pano siyalizasyon tanporè nan zòn planifikasyon an pou konnen opòtinite angajman k ap vini yo. Tou depan de zòn nan, y ap enstale pano siyalizasyon nan estasyon otobis yo, devan magazen yo, si yo disponib, ak sou estann dijital yo, si yo disponib.

3. Medya Peyan

Organizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ap sèvi ak medya ki peyan yo pou atire atansyon sou sit entènèt pwojè a nan semèn avan lansman ofisyèl plan an ak atelye kominotè yo. Piblisite yo ap sible jeyografikman nan itiliizasyon platfòm piblisite tankou Facebook, Instagram, elatriye. Anplis de sa, y ap mete piblisite nan jounal lokal yo pou anonse lansman evènman an, pwomnad kominotè, ak seri atelye kominotè yo.

PWOESIS PLANIFIKASYON: KENBE VIJILANS LAN

(MWA 4-5)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PWOESIS PLANIFIK ASYON	4 5	Kenbe Vijilans lan <ul style="list-style-type: none"> Kenbe pwosesis planifikasyon an nan lespri kominate a Bay rapò rezulta nan faz anvan an nan angajman anndan ak deyò Sansibilize sou pwochen etap yo ak pwochen faz angajman yo 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Rapò sou Angajman Reyinyon Òganizasyon Kominotè yo Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt, ak biltén enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman k ap vini yo

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. Rapò sou Angajman

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsiyon ak Rezulta: Sèvi ak tout enfòmasyon yo te kolekte nan kad faz angajman anvan an, BPDA ap devlope yon rapò angajman k ap evalye ak kalifye angajman yo te resevwa yo jiskaprezan. Rapò 4-5 paj sa a pral bay yon apèsi sou tout aktivite angajman, pèfòmans pa rapò ak mezi angajman yo, ak deskripsiyon vizyèl epi ak tèks sou kòmantè ki pwodwi atravè pwosesis la. Rapò a ap pibliye sou entènèt epi l ap difize atravè sitwèb la, medya sosyal yo, patisipasyon nan reyinyon òganizasyon kominotè yo ak nan biltén enfòmasyon yo.

2. Reyinyon Òganizasyon Kominotè

Organizatè: BPDA & ONS

Piblik: Lidè lokal yo, Òganizasyon kominotè yo, Direktè Ri Prensipal yo, elatriye.

Anplasman: An pèsòn oswa Vityèl

Deskripsiyon ak Rezulta: CEM ak ibanis BPDA yo ap patisipe nan reyinyon asosyasyon katye ki egziste deja yo ak lòt reyinyon kominotè yo nan objektif pou yo evalye rapò angajman premye faz angajman an epi fè konnen opòtinite angajman k ap vini yo.

KOMINKASYON

1. Pwomosyon Sit wèb/Medya Sosyal/Bilten Enfòmasyon

Organizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: Pandan faz sa a, BPDA ap sèvi ak sitwèb la, medya sosyal yo ak yon bilten enfòmasyon y ap voye sou tout adrès imèl ki enskri pou resevwa mizajou konsènan pwojè a, nan objektif pou pataje rezulta premye faz angajman an epi pou kominike sou opòtinite angajman k ap vini yo nan pwochen faz la.

PWOSESIS PLANIFIKASYON: Egzaminen epi

Pèfeksyone Ide yo (MWA 4-5)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PWOSESIS PLANIFIK ASYON	6	Egzaminen epi Pèfeksyone Ide yo <ul style="list-style-type: none">Prezante rekòmandasyon epi fasilité travay la nan patenarya ak kominate a	<p>Aktivite Sansibilizasyon yo</p> <ul style="list-style-type: none">Laboratwa Angajman Sou PlasResepsyon Ide pou EpingleAtelye EvalyasyonSesyon Evalyasyon Gwoup Moun ki Konsène yo <p>Kominikasyon</p> <ul style="list-style-type: none">Medya sosyal, sit entènèt, ak biltén enfòmasyon pou ankouraje opòtinite angajman aktifSiyalizasyon FizikMedya peye (jounal, piblisite sou medya sosyal yo, elatriye)

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. Laboratwa Angajman Sou Plas Avèk Lè Biwo (“Little City Hall”)

Organizatè: BPDA, OEOI, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Sou sit la/An pèsòn

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA/OEOI ap travay ansanm pou re-establi 2-3 laboratwa angajman sou plas pou yon lòt seri angajman pratik. Laboratwa a ap gen plizyè fonksyon: I ap bay yon espas pou organize atelye, evènman, konvèssasyon ak moun ki

konsène yo, ak lè ouvèti yo; l ap bay espas fenèt pou fè piblisite pou pwosesis planifikasyon an, l ap bay yon espas pou estoke materyèl angajman ak yon espas travay pou anplwaye Vil la ki pral bezwen jere angajman empòtan nan kad sensibilizasyon andeyò Lameri a. Yo prevwa pou BPDA peye lwaye pou dire ouvèti laboratwa angajman an (li prevwa ouvri pou yon mwa). Orè biwo ki konsistan yo ta dwe òganize omwen yon fwa pa semèn pandan Laboratwa Angajman an ouvri. Nan ka kote yo pa jwenn yon espas, BPDA ap travay avèk bibliyotèk, sant kominotè, ak lòt sant sivik zòn nan pou ranpli nan fonksyon ki endike anwo a nan mezi li kapab.

2. Resepsyon Ide pou Epengle

Organizatè: BPDA avèk patisipasyon tout depatman patnè yo

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Laboratwa Angajman

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ap òganize yon resepsyón stil epengle pou lanse faz evalyasyon kominote a ak faz validasyon pwosesis planifikasyon an. Pandan resepsyón an, dokiman ki ekspoze nan sal la ap pèmèt patisipan yo egzaminen pwojè ide ak rekòmandasyon yo epi kòmante. Pandan resepsyón an, dokiman yo ta dwe prezante prensipal pwojè rekòmandasyon oswa lide plan yo an ak lyen dirèk ak sa ki pa t di nan faz angajman anvan yo. Sa ap yon evènman k ap dire plizyè èdtan, san randevou. Tèm ki prevwa pou ekspozisyon yo se:

- Pwojè kat zonaj ak analiz sipò ak grafik devlopman(sou direksyon BPDA Zoning, MOH, ak BPDA Urban Design)
- Pwojè konsèp transpòtasyon, espas piblik, ak bòdi twotwa (sou direksyon BTD, BPDA Transportation Planning, ak BPDA Urban Design)
- Rekòmandasyon pou devlopman ak prezèvasyon antrepriz, atizay ak kilti
- Ide preliminè pou teren vil la posede yo, si genyen (sou direksyon MOH ak BPDA Real Estate)

3. Atelye Evalyasyon

Organizatè: BPDA avèk patisipasyon tout depatman patnè yo, Patnè Kominotè yo (si sa posib)

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Laboratwa Angajman, Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: Gras ak materyèl ki devlope pou resepsyón ide epengle yo, BPDA a ap òganize yon seri 3-4 atelye pou plis evalye ide ak rekòmandasyon preliminè yo. Omwen yon sesyon ap òganize anliy ak sal reyinyon. Anplis de sa,

materyèl atelye yo ta dwe konsève sou plas nan Laboratwa Angajman an pou konvèsasyon an lib sèvis. De (2) a twa (3) nan atelye sa yo ta dwe adapte pou gwoup demografik ki majinalize istorikman yo nan patenarya ak yon òganizasyon lokal ak/oswa òganize atelye a nan yon kote patikilye ki familye pou publik yo vize a. Omwen yon (1) atelye ta dwe konsantre sou jèn yo. Nan ka yon òganizasyon lokal patisipe nan pwodiksyon yon evènman, li espere jwenn yon konpansasyon pou tan yo ak ekspètiz yo.

4. **Sesyon Evalyasyon Pati Konsène Yo**

Òganizatè: BPDA ak Depatman Patnè yo (opsyonèl) ki baze sou sijè publik la oswa sou relasyon ki egziste deja

Piblik: Prensipal konsène yo nan aplikasyon an

Anplasman: An pèsòn oswa vityèl selon preferans moun k ap pase entèvyou a

Deskripsiyon ak Rezulta: Tou depan de bezwen chak zòn yo, BPDA ak depatman patnè yo ap konvoke moun ki gen enterè kle nan aplikasyon yo pou sesyon evalyasyon espesifik yo. Biblik kle pou sesyon sa yo ka gen ladan yo gwo enstitisyon oswa CDC yo ak ti biznis/Kad nan Ri prensipal yo.

KOMINKASYON

1. **Pwomosyon Sit wèb/Medya Sosyal/Bilten Enfòmasyon**

Òganizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA ak ONS ap difize kalandriye konplè aktivite angajman yo 1-2 semèn anvan resepsyón ide epengle yo. Anplis de sa, ekip pwojè a ap sèvi ak medya sosyal yo ak yon bilten enfòmasyon nan tout adrès imèl ki enskri pou resevwa mizajou pwojè a pou kominike sou opòtinite angajman yo chak semèn.

2. **Siyalizasyon Fizik**

Òganizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Kote: Pano siyalizasyon, estasyon otobis ki gen anpil trafik, devan magazen yo

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA ap kreye epi enstale pano siyalizasyon tanporè nan zòn planifikasyon an pou konnen opòtinite angajman k ap vini yo. Tou depan de zòn nan,

y ap enstale pano siyalizasyon nan estasyon otobis yo, devan magazen yo, si yo disponib, ak sou estann dijital yo, si yo disponib.

3. Medya Peyan

Organizatè: BPDA/Kominikasyon

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ap sèvi ak medya ki peyan yo pou atire atansyon sou sit entènèt pwojè a nan semèn avan lansman resepsyon ide epengle yo ak atelye evalyasyon yo. Piblisite yo ap sible jeyografikman nan itiliizasyon platfòm piblisite tankou Facebook, Instagram, elatriye. Anplis de sa, y ap mete piblisite nan jounal lokal yo pou anonse lresepson an ak atelye yo.

Rezulta Sib

PWOESIS PLANIFIKASYON: FINALIZE PLAN AN (MWA 7-8)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PWOESIS PLANIFIK ASYON	7	Finalize Plan an <ul style="list-style-type: none"> Bay rapò rezulta nan faz anvan an nan angajman anndan ak deyò Fasilité yon peryòd kòmantè fòmèl sou plan final la Pote limyè sou pwochen etap yo 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Peryòd konsiltasyon ofisyèl plan an Orè biwo Rapò sou Angajman
	8		Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt ak biltén enfòmasyon pou kominike pwochen etap yo

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. Peryòd konsiltasyon ofisyèl plan an

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: Depi pwojè plan konplè yo fini, BPDA apkòmanse yon peryòd konsiltasyon 30 jou (eksepte semèn ki gen jou ferye enpòtan ladan l). Piblikasyon

pwojè a ak peryòd konsiltasyon an ap fèt sou sitwèb la, medya sosyal yo, bilten enfòmasyon yo ak nan jounal tradisyonèl yo.

2. Lè Biwo An Pèsòn ak Vityèl

Organizatè: BPDA ak pèsònèl soutyen depatman patnè yo, selon disponiblite yo

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: An Pèsòn ak Vityèl

Deskripsiyon ak Rezulta: Ekip pwojè a pral organize sesyon nan lè biwo pou omwen 2 èdtan pa semèn pandan peryòd konsiltasyon an. Sesyon nan lè biwo yo ap organize an pèsòn ak vityèlman nan yon bibliyotèk lokal, yon antrepriz oswa lòt kote sou plas. Kopi konplè pwojè plan an ap disponib pou evalyasyon ak diskisyon nan lè biwo yo an pèsòn ak vityèlman.

3. Rapò sou Angajman

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsiyon ak Rezulta: Nan itilizasyon tout kantite kòmantè yo kolekte pandan tout pwosesis planifikasyon an, BPDA a ap devlope yon rapò angajman k ap evalye ak kalifye angajman yo resevwa yo ak enpak yo sou plan an. Rapò sa a pral bay yon apèsi sou tout aktivite angajman, pèfòmans pa rapò ak mezi angajman yo, ak deskripsiyon vizyèl epi ak tèks sou kòmantè ki pwodwi atravè pwosesis la. Rapò a ap pibliye sou entènèt epi l ap difize atravè sitwèb la, medya sosyal yo, patisipasyon nan reyinyon òganizasyon kominotè yo ak nan bilten enfòmasyon yo. Rapò a ap sèvi anèks pou plan final la.

KOMINKASYON

1. Pwomosyon Sit wèb/Medya Sosyal/Bilten Enfòmasyon

Organizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsiyon ak Rezulta: BPDA a ap difize kalandriye konplè opòtinite kòmantè yo lè yo pibliye yon vèsyon konplè plan an. Anplis de sa, ekip pwojè a ap sèvi ak medya sosyal yo ak yon bilten enfòmasyon nan tout adrès imèl ki enskri pou resevwa mizajou pwojè a pou kominike sou opòtinite angajman yo chak semèn.

PREMYE AKSYON EGZEKISYON

(MWA 9+)

FAZ	MWA	OBJEKTIF ANGAJMAN AN	METÒD
PREMYE AKSYON	9+	Egzekisyon <ul style="list-style-type: none"> Fasilité adopsyon fòmèl plan an ak pwosedi komisyón zonaj la Bay yon mekanis pou suivi aplikasyon an Bay rapò rezulta tout angajman an, anndan ak deyò 	Aktivite Sansibilizasyon yo <ul style="list-style-type: none"> Reyinyon komite BPDA Peryòd Konsiltasyon Konsènan Modifikasyon Kat Zonaj la Lè Biwo Zonaj yo Louvri Odisyon Komisyón Zonaj la Kominikasyon <ul style="list-style-type: none"> Medya sosyal, sit entènèt ak biltén enfòmasyon pou kominike peryòd konsiltasyon yo Voye kourye bay abitan yo pou pwopozisyon refòm zonaj la

AKTIVITE SANSIBILIZASYON YO

1. Reyinyon komite BPDA

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA ap prezante rezulta pwosesis planifikasyon an piblikman devan Komite Administrasyon pou Adopsyón an.

2. Peryòd Konsiltasyon Konsènan Modifikasyon Kat Zonaj la

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA a ap pibliye tout pwopozisyon modifikasyon nan kòd zonaj la ki base sou rekòmandasyon plan an. Peryòd kòmantè a ap rete ouvè pou omwen twa (3) semèn, eksepte semèn ki gen jou ferye enpòtan yo.

3. Lè Biwo Zonaj yo Louvri

Organizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: Ekip Refòm Zonaj BPDA a ap òganize sesyon nan lè biwo pou omwen 2 èdtan pa semèn pandan peryòd konsiltasyon an.

4. Odisyon Komisyon Zonaj la

Òganizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Vityèl

Deskripsyon ak Rezulta: Ekip Refòm Zonaj BPDA a ap prezante piblikman modifikasiyon kat zonaj yo pwopoze a bay Komisyon Zonaj la pou adopsyon.

KOMINKASYON

1. Pwomosyon Sit wèb/Medya Sosyal/Bilten Enfòmasyon

Òganizatè: BPDA/Kominikasyon, ONS

Piblik: Tout abitan zòn nan

Anplasman: Anliy

Deskripsyon ak Rezulta: BPDA a pral difize plan final la ak prensipal etapk app vini yo, tankou dat odyans Komisyon Zonaj la ak Apwobasyon Komisyon Konsèy BPDA ak odisyon Komite Zonaj la. Anplis de sa, ekip pwojè a ap itilize medya sosyal ak yon bilten enfòmasyon y ap voye pou tout adrès imèl ki enskri pou resevwa mizajou pwojè a pou kominike prensipal angajman yo pou envestisman ki soti nan pwosesis planifikasyon an ak fason pou suiv pwogrè ki fêt yo nan aplikasyon plan an.

2. Voye kourye bay Abitan yo

Òganizatè: BPDA

Piblik: Tout abitan yo konsène nan pwopozisyon refòm zonaj la

Anplasman: N/A

Deskripsyon ak Rezulta: Anvan odisyon komisyon zonaj la, BPDA a ap kowòdone epi voye yon avi bay tout abitan ki konsène nan refòm zonaj yo pwopoze a. Avi a ap genyen enfòmasyon sou chanjman yo pwopoze yo, sou fason pou patisipe nan reyinyon komisyon zonaj la ak lyen pou konsilte tout dokiman plan an.